# QARAQALPAQ TILI

**1.** Qaysı sózdegi kóp noqattıń ornına dawıssız **b** sesi qoyıp jazıladı?

A) **baj..an** B) *baǵ..an* C) *bas..aq* D) *bat..an*

Test tapsırmasın orınlaw ushın tiykarınan ***b*** hám ***p*** sesleriniń qollanılıwı boyınsha bilimler talap etiledi. Máselen, C hám D juwaplardaǵı kóp noqattan aldıńǵı sesler únsiz dawıssız ses bolǵanlıqtan, *p* sesi qoyıladı. B juwaptaǵı sózdiń qosımtasında *m* sesi túsirilgen. A juwapta *b* sesi túsirilgen, sebebi sóz *bajban* túrinde qáliplesken.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 26-b.

**2.** Qaysı qatardaǵı sózler buwınǵa **nadurıs** bólingen?
*Íz-ıl-da-ǵan oq-lar ish-in-de,*
*Úsh jaz ót-ti. Ta-ǵı kel-di gúz.*
*Shi-nel-ler suw, júr-dik il-ge-ri,*
*Ó-lim-di de pi-sent qıl-ma-dıq.*

A) **birinshi qatar** B) *ekinshi qatar* C) *úshinshi qatar* D) *tórtinshi qatar*

Test tapsırmasın orınlaw ushın sózlerdi dawıslı hám dawıssız seslerdiń qatnasına qaray buwınǵa durıs bóliw talap etiledi. Birinshi qatardaǵı sózler tómendegishe buwınǵa bólinedi: *Í-zıl-da-ǵan oq-lar i-shin-de...* Qalǵan qatarlardaǵı sózler buwınǵa durıs bólingen.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 31-b.

**3.** Bas háriplerdiń imlasına baylanıslı qátelik bar gápti tabıń.

A) **Berdaq shayırdıń "Aqmaq Patsha" shıǵarmasın oqıdım.**
B) *Iyrimlengen Ámiwdáryanıń boyında otırmız.*
C) *Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde oqıyman.*
D) *Búgin úyimizge shımbaylı miymanlar keledi.*

Test tapsırmasın orınlaw ushın bas háriplerdiń jazılıwı boyınsha bilim hám kónlikpelerge iye bolıw talap etiledi.
A juwaptaǵı *patsha* sózi kishi hárip penen jazılıwı tiyis, sebebi ǵalabalıq atlıq. Basqa juwaplardaǵı menshikli atlıqlardıń jazılıwında hám gáptiń bas hárip penen jazılıwı boyınsha imlalıq qátelik ushıramaydı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 6-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 77-b

**4.** Juwaplarda berilgen qaysı qospa sóz birigip jazıladı?

A) **Qara//taw** B) *Bir//nárse* C) *Temir//jol* D) *Boz//torǵay*

Qospa sózler hám olardıń jazılıwı boyınsha bilim, kónlikpeler tiykarında test tapsırması orınlanadı. A juwaptaǵı menshikli atlıq birikken qospa sóz túrinde qáliplesip ketken.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 108-b.

**5.** Qaysı juwaptaģı qospa sóz defis arqalı jazıladı?

A) **Azı//kem** B) *Ana//tili*
C) *Óz//ara* D) *Jap//jasıl*

Test tapsırması jup sózlerdiń jazılıwı boyınsha bilim hám kónlikpeler tiykarında orınlanadı. A juwapta eki bólegi de mánige iye bolǵan jup sóz berilgen. Basqa juwaplardaǵı sózler jup yaki tákirar sózler emes, sonlıqtan olardı defis arqalı jazıw nadurıs esaplanadı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 111-b.

**6.** Gáptegi sózlerdi qosımtalar arqalı durıs baylanıstırıń.
*Men ushın ómir... mazmun... – ilim, bil... iyelew... .*

A) **-diń, -ı, -ım, -de**
B) *-ımızdıń, -ları, -imlerdi, -imiz*
C) *-dıń, -i, -im, -da*
D) *-niń, -ım, -iwdi, -di*

Gáptegi sózlerdi baylanıstırıw ushın qosımtalardıń xızmetine qaray túrleri, túbir hám qosımtalar imlası boyınsha bilim hám kónlikpelerge iye bolıw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 72-b.

**7.** *Nobay* sóziniń sinonimin tabıń.

A) **mol** B) *qımbat* C) *uzaq* D) *úlken*

Mánileri bir-birine jaqın sózler boyınsha bilimge iye bolıw talap etiledi. A juwaptaǵı *mol* sózine *nobay, kóp* sıyaqlı sózler mánilik jaqtan jaqın.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 57-b.

**8.** Astı sızılǵan sózdiń antonimin tabıń.
*Baqıldıń baǵı kógermes,*
*Kógerse de miywe bermes.*

A) **saqıy** B) *sarań* C) *sıqmar*
D) *jaqsı*

Mánileri bir-birine qarama-qarsı sózler boyınsha bilimge iye bolıw talap etiledi. Juwaplardaǵı *sarań, sıqmar* sózleri *baqıl* sózine mánilik jaqtan jaqın, yaǵnıy sinonim. *Jaqsı* sózi tapsırma shárti boyınsha *baqıl* sózine úylespeydi. A juwaptaǵı *saqıy* sózi *baqıl* sózine qarama-qarsı máni ańlatadı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 59-b.

**9.** $\frac{1}{4}$ bólshek sanı qaysı gápte sóz arqalı ańlatılǵan?

A) **Shayır ómirlik joldası menen sherek ásir birge jasadı.**
B) *Qońır, sırlı shelektegi suwdıń yarımı tógilip qaldı.*
C) *Keshe ákesi tórt ul perzentine bir jaqsı top alıp berdi.*
D) *Jarıstıń birinshi basqıshında tórt shártten ótiw kerek.*

Test tapsırmasın orınlaw ushın ámelde qollanılatuǵın cifrlardıń sózler arqalı bildirilgen mánileri boyınsha bilim hám kónlikpeler talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 6-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 99-b.

**10.** Bolımlı hám bolımsız feyil qaysı gápte qollanılǵan?

A) **Altın alma, alǵıs al.**
B) *Keliń tuwrama jeymiz.*
C) *Jarma qapı aqqa boyaldı.*
D) *Tókpe shayır bol-á!*

Is-háreketti bildiriwshi sózlerdiń gápte qollanılıwına qaray onıń mánisin anıqlaw múmkin.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 95-b.

**11.** Kóp noqattıń ornına tiyisli kómekshi sózdi qoyıń.
*Kósheler kúndegige qaraǵanda azada ... kewilli kórinedi.*

A) **hám** B) *menen* C) *al* D) *biraq*

Kómekshi sózlerdiń qollanılıwı boyınsha bilim hám kónlikpelerge iye bolıw talap etiledi. Gáptegi birgelkili aǵzalardı baylanıstırıw ushın *hám* kómekshisi grammatikalıq hám mánilik jaqtan durıs boladı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 7-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 29-b.

**12.** Qawıstıń (...) ishindegi kóp noqattıń ornına tiyisli irkilis belgisi qoyılsa, mazmunına qaray soraw gáp bolatuǵın mısaldı juwaplardan anıqlań.

A) – **Amanbısań, qutlı dalam(...)**
B) – *Shúkir, Tolǵanay(...)*
C) *Ǵárezsizlik – aydın jol(...)*
D) *Hár kúnimiz Nawrız bolsın(...)*

Gáplerdiń mazmunına qaray túrleri hám olardıń irkilis belgileri boyınsha bilim, kónlikpeler talap etiledi. A juwaptaǵı *aman*+***bı***+*sań* sózinde ***ba*** soraw janapayı ***bı*** túrinde (betlik qosımtasınıń aldında) qollanılǵan, sonlıqtan gáptiń sońına soraw belgisi qoyıladı hám soraw gáp boladı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 8-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2019-j. 52-b.

**13.** Qaysı gápte qaratpa aǵza qollanılǵan?

A) **Kelip turıńız, aqsaqal, bunda jaz kúnleri júdá payızlı boladı.**
B) *Awa, awa, men shımbaylı xabarshı, men ǵoy!*
C) *Shaması, mashqalası óz sheshimin tappaǵan bolar.*
D) *Pay, nesin aytasań, qalada bolǵanımda ma!*

Test tapsırması aytılajaq pikirge basqanıń dıqqatın awdarıw, qaratıw ushın sóylewshi tárepinen qollanılǵan sózdi anıqlaw arqalı orınlanadı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 233-b.

**14.** Ayırım bir adam tárepinen basqa bir jeke adamǵa napaqasın alıwı ushın qaysı jazba hújjet zárúr boladı?

A) **isenim xat** B) *maǵlıwmatnama*
C) *telegramma* D) *arza*

Test tapsırmasın orınlaw ushın is qaǵazlarınıń qollanılıwı boyınsha bilim hám kónlikpeler talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** Sh.Abdinazimov hám basq. Qaraqalpaq tili. 11-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2018-j. 96-b.

**15.** Berilgen gápte qaysı irkilis belgisi túsirilgen?
*Biziń Tazasuwdıń túbi de jaǵaları da gileń aq tas.*

A) **útir** B) *qos noqat* C) *qawıs*
D) *sızıqsha*

Test tapsırmasın orınlaw ushın irkilis belgileri hám olardıń qollanılıwı boyınsha bilim, kónlikpelerge iye bolıw talap etiledi. Gápte ***de*** dánekeri tákirarlanıp kelgen, sonlıqtan birgelkili aǵzalardıń arasına *útir* qoyıladı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov. Qaraqalpaq tili. 9-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2019-j. 108-b.